

## **Andoskopi Premye Pati Sistèm Dijesyon an**

TANPRI RELE NOU NAN 937-629-0100 si w gen nenpòt kesyon

**Ou gendwa oblije suiv kèk enstriksyon espesyal. Tanpri fè nou konnen si:**

- W ap pran nenpòt medikaman pou fè san w pi likid, tankou **Coumadin, Plavix, Aggrenox**. (Ou gendwa pran aspirin pou tibebe yo).
- Ou gen apne dòmi (yon maladi kote w sispann respire pandan w ap dòmi)
- Ou se **Dyabèt (ou fè sik)**
- Ou te fè yon **Kriz Kadyak** oswa yon **Stwòk** nan dènye 6 mwa ki sot pase yo.
- Ou gen yon **Vann Kè Atifisyèl** oswa yon **Defibrilatè Kè**.
- Se posib ou **Ansent**.

**Tanpri asire w gen yon chofè ki gen lisans kondui ki kapab mennen w antre nan sant lan e mennen w lakay apre. Tanpri note ke yo pap pèmèt ou kondui tèt ou lakay apre pwosedi a. Ou pa gendwa sèvi ak taksì ak lòt transpò non-medikal yo.**

### **SENK JOU ANVAN:**

- Sispann pran **IBIPWOFÈN, MOTRIN, ADVIL, ALÈV** ak lòt medikaman parèy. Ou mèt pran Tylenol.
- Sispann pran Coumadin/Wafarin, plavix.
- Pa pran vitamin fè

### **JOU ANVAN PWOSEDI A**

- Pasyan ki dyabèt yo **\*\*apre manje midi a, pa pran lòt bagay eksepte pou likid transparan yo\*\***
- Pa sèvi ak mariwana 24 èdtan anvan pwosedi a (mariwana pa mache byen ak anestezi).

### **JOU PWOSEDI A:**

- **PINGA W FIMEN SIGARÈT** nan maten anvan pwosedi a.
- **SISPANN** manje tout manje solid yo 12 èdtan anvan ou rive pou pwosedi a.
- **SISPANN** pran likid ki gen koulè ladan yo 6 èdtan anvan ou rive pou pwosedi a.
- **SISPANN** pran likid transparan yo 4 èdtan anvan ou rive pou pwosedi a.

**Pinga w bwè anyen pandan 4 èdtan anvan pwosedi a, sinon, yo gendwa anile pwosedi a.**

## **TOUT PASYAN YO**

### **Anvan pwosedi a:**

- Asire w ou byen idrate. Bwè maksimòm kantite likid transparan ki posib.
- Si w konn santi w frèt, abiye nan rad ki kenbe chalè.

### **IPÈTANSYON (TANSYON WO):**

- Pran tout medikaman ou yo avèk yon ti dlo sou jou pwosedi a, men pa pran medikaman diyiretik yo (konprime dlo).

### **PASYAN KI DYABÈT YO:**

- Kontwole sik ou regilyèman pandan w ap prepare w. Tanpri kontwole sik ou nan maten anvan pwosedi a e rele sant andoskopi a si nivo sik ou rive pi ba pase 80 oswa pi wo pase 240.
- Vini ak mèt pou kontwole sik, ti papyè tès yo, ak ensilin ou nan pwosedi a.
- Nou rekòmande w pran yon mwaye dòz ensilin ou jou swa anvan pwosedi a, epi evite pran dòz la nan maten anvan pwosedi a.
- Tanpri sote dòz medikaman dyabèt oral ou jou swa anvan pwosedi a epi nan maten anvan pwosedi a.
- Tanpri bwè anpil likid transparan jiska 5 èdtan anvan pwosedi a.

### **PAYSAN KI ASMATIK YO:**

- Sèvi ak ponp nòmal ou nan maten anvan pwosedi a epi vini ak ponp ou nan sant andoskopi a.

### **POU TOUT LÒT MEDIKAMAN YO:**

- Tanpri vini avèk yo nan sant andoskopi a. Ou mèt pran yo lè pwosedi a fini.

### **Apre pwosedi a:**

- Rekòmanse pran tout medikaman ou yo menm jan ou te konn pran yo nòmalman anvan pwosedi a.

- Bwè yon gode likid transparan chak èdtan pandan pwochen 6 èdtan yo.
- Rekòmanse rejim manje nòmal ou, eksepte si doktè w ba w lòt enstriksyon.
- **Ou pa gendwa kondui oswa fè okenn desizyon enpòtan oswa desizyon legal pandan 24 èdtan apre pwosedi a, piske medikaman yo ba w pandan pwosedi a pou kalme w konn diminye kapasite mantal ou yon fason tanpòrè.**
- **Ki sa EGD ye?**
- Yon esofago-gastwo-douwodeno-skopi (EGD) se yon pwosedi ki egzamine po anndan gòj ou, vant ou, ak premye pati enstesten ou (douwodenom). Yo itilize yon ti kamera piti ki fikse sou yon tib fleksib ki long. Yo pase tib sa a nan gòj ou. Anplis gade doktè ap gade anndan premye pati sistèm dijèsyon ou, li kapab pase ti zouti nan tib la pou l pran yon ti mòso tisi pou yon byopsi, pou retire objè ki pa nòmal, pou sispann san k ap senyen, e pou retire timè oswa polip yo.
- **Ki sa m ka atann pandan pwosedi EGD a?**
- Enfimiyè k ap travay pou doktè a pral esplike w pwosedi a e li pral ofri w opòtinite pou w poze nenpòt kesyon ou gen sou pwosedi a. Nan chanm pasyan yo antre anvan yo fè pwosedi a, yo pral mande w siyen yon fòmilè pèmisyon. Ou pral oblije retire tout rad ak bijou ou gen sou ou. Yo pral mete yon liy sewòm nan men ouwa nan bra w. Yonfwa ou antre nan chanm pwosedi a, yo pral kontwòle vitès kè, tansyon, respirasyon, ak nivo oksijèn ou kontinyèlman. Si w gen fo dan, y ap mande w retire yo anvan pwosedi a. Yo pral flite yon medikaman anestezi anndan gòj ou pou anpeche w touse pandan yo pase andoskop la nan gòj ou pou l rive nan vant ou. Pandan w kouche sou bò gòch ou, yo pral pase yon medikaman nan liy sewòm nan pou kalme w ak yon medikaman antidoulè pou anpeche w santi doulè. Yo pral mete yon bagay nan bouch ou pou anpeche w mòde andoskop la, e pou anpeche w mòde doktè a tou! Yonfwa ou vin kalme ase, doktè a pral gide andoskop la anndan bouch ou, li pral desann gòj ou pou l rive nan vant ou, e finalman li pral rive nan premye pati entesten ou. Ou gendwa santi gen yon bagay anndan w, oswa ou ka santi kòm si ou gen gaz, pandan yo avanse andoskop la. Andoskop la pa deranje fason w respire.
- **Ki sa k ap fèt apre yon EGD?**
- Apre pwosedi a, yo pral mennen w tounen nan sal obsèvasyon an pou yo ka veye w jiskaske prèske tout efè medikaman yo fin ale. Gòj ou gendwa fè w mal pandan kèk jou apre, e ou gendwa santi w gen gaz, piske gen lè ki te antre nan vant ou pandan pwosedi a. Doktè w pral ba w rezilta yo e li pral ba w konsèy sou ki restriksyon manje ou dwe pran selon sityasyon w. Enfimiyè a pral bay ni ou menm ni manm fanmi w ouwa lòt adilt ki avèk ou enstriksyon egzayat yo. Pou rezon sekirite yo, yo pral itilize yon chèz woulant pou mennen w nan machin nan. Yon adilt responsab dwe kondui w lakay ou, san eksepsyon. Piske medikaman yo te ba w pou kalme w pral gen yon efè sou kapasite jijman w ak sou reflèks ou pandan rès jounen an, yo rekòmande gen yon adilt ki responsab rete avèk ou ouwa tcheke sou ou plizyè fwa pandan premye 24 èdtan apre pwosedi a.
- **Ki konplikasyon ki kapab genyen avèk pwosedi EGD a?**
- An jeneral, andoskopi se yon pwosedi ki pa gen danje ladan l. Gen kèk konplikasyon ki ka fèt, men sa fèt raman lè doktè ki fè pwosedi a se yon doktè ki gen fòmasyon espesyal ak anpil eksperyans. Dr. Challa Ajit se yon gastwo-entèrològ ki sètifye pa Kolèj Ameriken pou Gastwoentèroloji.
- Menm jan ak nenpòt pwosedi kote yo antre anndan kò ou, gendwa gen konplikasyon. Po w gendwa senyen kote yo retire yon ti mòso tisi pou yon byopsi ouwa kote yo retire yon polip. Nòmalman, ti senyen sa pa grav e se raman li mande lòt tretman. Venn kote yo te enjekte medikaman an gendwa irite, e sa ka bay ti doulè kote yo te mete liy sewòm nan. Gen lòt risk, tankou yon reyaksyon negatif devan medikaman yo ba w pou kalme w, ak konplikasyon ki gen rapò ak maladi kè ouwa maladi poumon. Konplikasyon grav, tankou yon pèforasyon (chè ki chire e ki gendwa mande chirjri pou repare li) ra anpil. Yo pral site tout siy konplikasyon yo nan enstriksyon egzeyat ou pral resevwa nan men enfimiyè sou jou pwosedi a. Si w gen nenpòt kesyon toujou, tanpri rele biwo nou e pale avèk youn nan enfimiyè andoskopi nou yo.